*yen dereng aleliron sih* 'sebelum  
berhasil memadu kasih'.  
*Kitab Murat* menyebutkan,  
khasayamta merupakan isi hati,  
bilamati wa damika.  
Malahan, Nak,  
seluruh darah dan dagingmu ber-  
baur
  4. dengan *kalimah toyibah* (kata-  
kata puji).
- Itu pertanda bahwa engkau telah

*wewangsalan jalak pingul,*  
*palwa kandheg muara,*  
*énak mundur ingsun iki,*  
*anglabuhi basane'wong nora trisna.*

2. *Tegese iku manusa,*  
*salawasira ngaurip,*  
*yén tan wruh urip kang nyata,*  
*sayekti kelem ing (86) warih,*  
*yehti dipun unduri,*  
*mring uripira kang tuhu,*  
*yén sira wus tinilar,*  
*marang sang Pramanajati,*  
*pasthi goyang patimu dadi pra-*  
*yangan.*
3. *Galepung pilis wadana,*  
*sesulung kang medal énjing,*  
*setahun mangsa lipura,*  
*yen dèrèng aleliron sih,*  
*Kitab Murat kang muni,*  
*khasayamta jiwaningsun,*  
*bilamati wa damika,*  
*malah-malah sira Kaki,*  
*dipunamor kèhing getih dagingi-*  
*ra.*
4. *Lawan kalimah tayibah,*  
*yén sira wus amor kaki,*  
*lapal malih khathazara,*

bersatu (dengan zat sejati).

Ada lafal lagi berbunyi **khotoyara min aoni biallahi**, bahwa Yang Mahakuasa memanjakanmu dengan menganugerahkan segala keindahan.

Wangsalan berikutnya berbunyi *lintang roro wayangane Werkudara* 'dua bintang bayangan Werkudara',

5. *Angarjuna wewayangan* 'Arjuna berbayangan (dengan)' *Darmawangsa*. Kuterangkan bahwa makna dua bintang itu ialah dua hiasan (wajah), yakni bayangan sejati; yang memiliki bayangan itu sebenarnya utusan Tuhan yang mempunyai dua bauangan. Darmawangsa itu ibarat jasatmu.

6. Ada lagi wangsalan: *menur tumpang* 'menur ganda' *melathi kudhupe kalih* 'melati ber-kudup kembar', *yekti kalap karo pisan* 'tentu keduaanya berguna' *kang raka lawan kang rayi* 'baik kakak maupun adiknya' Sedangkan martabat yang sempurna bilamana telah mencapai tiga tingkatan.  
Adapun *wahidiat* semula berkuncup kembar; keduanya amat berguna, yaitu *bakdarolah* dan *darul kirom*.

*min ngangoi biallahi,*  
*malah-malah Hyang Widi,*  
*ngatokken marang sitèku,*  
*éndah-éndhahing Allah,*  
*ana wewangsalan malih,*  
*lintang roro wayangane' Werkudara.*

5. *Angarjuna wewayangan*,  
*Darmawangsa suntuturi,*  
*tegesipun lintang karwa,*  
*yekti pepaešan kalih,*  
*iku wayangan jati,*  
*kang darbé wa-(86)yan gan iku,*  
*sayekti dutaning Hyang,*  
*adarbe'wayangan kalih,*  
*Darmawangsa sejatiné jasatira.*
6. *Anadéné menur tumpang*,  
*melathi kudhupe kalih,*  
*yekti kalap karo pisan,*  
*kang raka lawan kang rayi,*  
*mretabat ingkang asil,*  
*sayekti tumpang tetelu,*  
*déné ki wakidiyat,*  
*purwanya kudhupe'kalih,*  
*kalap kabèh bakdarolah darul*  
*kiram.*

7. (Wangsalan) *batik lenik* 'motif batik'  
*salobok ilang poleki* 'batikan hilang polanya'.  
*sunngengrenge wong punika* 'kucancangnya orang itu'  
*gelang sweda dimen lali* 'gelang jari biar lupa'.  
*Salobok* itu, Nak, (berarti pula) empat mata uang, dua berwarna putih dan dua berwarna merah.  
Bila warna putih dari kapur dibersihkan dan warna merah dari tembaga dihilangkan
8. maka hilanglah polanya.  
Hal itu merupakan ibarat hayatmu, tak tampak asal mulanya, hanya kenyataan (sifat lahir) yang tampak.  
Oleh karena itu, asal-usulmu (yang sejati) itu harus kaucari hingga berhasil.  
Bila tak berhasil menemukan hakikat jatidirimu, tentu rusak (keadaanmu) dan engkau tak dapat kembali ke rumah.
9. Wangsalan: *kajar wisma* 'talas rumah'  
*kembang geseh ingkang warni* 'bunga berbeda warna',  
*kumpulna menawa ana* 'kumpulkan bila ada'  
*dewa Suralayeng kapti* 'dewa Suralaya menginginkannya.
7. *Bathik lenik sunwicara*,  
*salobog ilang poleki*,  
*sunngengrenge wong punika*,  
*gelang swéda dimen lali*,  
*salobog iku kaki*,  
*dhuwit papat putihipun*,  
*loro kang abang dwinya*,  
*putihé njed denulapi*,  
*ingkang abang tembaganira binuwang*.
8. *Yekti ilang ingkang pola*,  
*tegese uripi-/88/reki*,  
*purwané wus tan katingal*,  
*mung kanyatan<sup>12</sup>) ingkang keksi*,  
*endi asalmu dhingin*,  
*ulatana dènkapangguh*,  
*yén tan bisa kapanggya*,  
*dununge sampurnanéki*,  
*pashii bubrah tan bisa bali mring wisma*.
9. *Wewangsalan kajar wisma*,  
*kembang geséh ingkang warni*,  
*kumpulna menawa ana*,  
*dewa Suralayeng kapti*,  
*kembang geséh kang warni*,  
*cahyang abang ijo biru*,  
*wungu ireng myang pethak*,  
*iku sulaya kang warni*,

- Bunga yang berbeda warna itu  
bercahaya merah, hijau, biru,  
ungu, hitam, dan putih.  
Demikian itu berbeda warnanya.  
Bila telah berinsan kamil, maka  
tergolong *rububiah*.
10. (Wangsalan) *puspa lulut* 'ular ber-sanggama' yang dibicarakan,  
*gunung malang ing Weleri* 'bukit  
melintang di Weleri',  
*sualane padha loknya* 'soalnya  
sama masalahnya'  
*ketanggor jarote sami* 'bertemu  
keduanya seimbang'  
Bukit melintang di Weleri itu  
ibarat dua paseban,  
yakni buah dada kanan dan kiri;  
isi keduanya sama,  
tempat bersemayam *mutmainah*  
dan ketiga lawannya (*luamah*,  
*amarah*, *supiah*).
11. Seluruh nafsu itu diizinkan,  
yang tiga dan yang satu.  
Kedua belah pihak sering berseli-  
sih,  
tak pandang waktu siang maupun  
malam.  
Adapun warna biru itu  
merupakan lambang keagungan  
pujangga.  
Yang bersifat biru  
disebut *adam jarnis*,  
sebagai pujangga Wisnu dan Kama-  
jaya.
12. Sesungguhnya Kresna itu  
raja berkulit hitam.  
Wangsalan: *danurwedha* 'kesatria  
sakti'
- yèn wis kamil ingaran be rubu-  
biyah.*
10. *Puspa lulut sunwicara,*  
*gunung malang ing Weléri,*  
*sualané padha loknya,*  
*katanggor jarote sami,*  
*gunung malang Weléri,*  
*paséban kalih puniku,*  
*susu tengen lan kiwa,*  
*punku isiné sami,*  
*mutmainah kalawan mungsuhe*'  
*tiga.*
11. *Samya kaidèn sadaya,*  
*kang telu lawan kang siji,*  
*marma sring diya-diniya,*  
*tan kendhat rahina wengi,*  
*tegesé (89) nila werdi,*  
*kusuma pujangga luhung,*  
*mungguh kang werdi nila,*  
*kang jejuluk adam jarnis,*  
*pujanggané Wisnu lawan Kama-  
jaya.*
12. *Jatine' kang aran Kresna,*  
*sayekti ratu cemani,*  
*wewangsalan dhanurwéda,*

cocok dengan maling sakti,  
(tetapi) bukan maling sungguhan,  
yakni orang yang bertandang, pu-  
langnya terlanjur kesiangan.  
Makna maling sakti itu  
ialah *aluamah, amarah, dan supiah.*

13. Ketiganya itu sama,  
seluruhnya utusan Tuhan.  
Wangsalan: *singsim rawan* 'cincin  
rawan'  
*awar-awar wara keksi* '(tumbuhan)  
*awar-awar tampak indah',  
*yen weruha kang jati* 'bila engkau  
tahu hakikat sejati'  
*tan ngeman sariranira* 'tak kasihan  
terhadap dirinya'.  
Makna *singsim rawan*,  
*singsim* ialah cincin,  
sedangkan *rawan* ialah awan, men-  
jadi (arah) *takbiratul-ikhrom*,*
14. menjadi kiblat orang bersembah-  
yang.  
Bila engkau tak tanggap terhadap  
*wangsit*,  
dalam hati (tentu) engkau kebe-  
ratan,  
siang malam bersua dengan air.  
Bila engkau menyayangi dirimu,  
bertanyalah kepada pendeta yang  
mahatahu  
agar engkau diterima  
menjadi abdi selama hidup;  
serahkan jiwa ragamu.
15. Adapun *kajang tawang* 'bantal  
angkasa'  
*barat gung Singgela aji* 'topan be-  
sar raja Singgela',

*cundhuke' maling sinekti,*  
*dudu maling sayekti,*  
*wong sanja mulih kabanjur,*  
*yektine' karahinan,*  
*tegesé' kang maling sekti,*  
*aluamah amarah lawan supiyah.*

13. *Telu pisan iku padha,*  
*kabéh pakone Hyang Widi,*  
*wewangsalan singsim rawan,*  
*awar-awar wara keksi,*  
*yen weruha kang jati,*  
*tan eman sariranipun,*  
*tegesé' singsim rawan,*  
*singsim iku ali-ali,*  
*rawan mendhung dadi takbiratul*  
*ékhram.*
14. *Dadya kéblaté wong salat,*  
*yén sira tan wruh ing wangsit,*  
*ing manahira kangelan,*  
*siyang dalu ulah warih,*  
*yen ngéman sarirèki,*  
*ta-(90)kona pandhita tuhung,*  
*supayané' oléha,*  
*angabdi slawasé urip,*  
*pasrahena nenggih jiwa raganira.*
15. *Apadéné' kajang tawang,*  
*barat gung Singgela aji,*  
*tuhu wingit wangsalannya,*  
*wong agung juyeng sinekti,*

*tuhu wingit* 'sungguh berwibawa'  
wangsalannya,  
*wong agung jayeng sinekti* 'pem-  
besar kuat dan sakti'.  
*Barat geng* 'topan besar' mengiba-  
ratkan  
empat macam napas.

Adapun raja Singgela (mengibarat-  
kan)  
kebebasan di dunia, (yakni)  
Wibisana, pengembangan tugas Batara  
Rama.

16. Mengapa disebut *kajang tawang*  
'bantal angkasa'?  
Karena mengibaratkan napasmu,  
Nak.  
Batangnya ibarat bumi lapis tujuh,  
pucuknya ujung langit.  
Baiklah, kuterangkan  
makna Wibisana itu.  
(Ia ibarat) napas yang keluar dari  
mulut.  
Ada wangsalan lagi,  
*panjang kidung tumenggung sewu*  
*nagara* 'kidung panjang tumeng-  
gung  
seribu negara'
17. *Sualane beda-beda* 'soalnya ber-  
beda-beda'  
*wong asih boyo ginalih* 'orang cin-  
ta tak digubris'.  
*Arti kidung panjang tumenggung*  
*sewu nagara* (ialah)  
orang yang membicarakan ilmu,  
seyogianya rajin menghubungkan-  
nya  
dengan nilai rasa sebanyak-banyak-  
nya.

*barat geng jatinèki,*  
*napas patang prakareku,*  
*dé ta rajèng Singgela,*  
*mardikèng rat kang wewangi,*  
*Wibisana embanan Bathara Rama.*

16. *Mila muni kajang tawang,*  
*iku napasira Kaki,*  
*lajeré burni kasapta,*  
*pupusé luhuré langit,*  
*lah iya sunjarwani,*  
*tegesé Wibisanèku,*  
*napas kang metu lesan,*  
*ana wewangsalan malih,*  
*panjang kidung tumenggung sewu*  
*nagara.*

17. *Sualane beda-beda,*  
*wong asih boyo ginalih,*  
*tegesé kang kidung panjang,*  
*tumenggung sewu nagari,*  
*wong kang micara ngélmí,*  
*kang taberi anenambung,*  
*mring rasa kathah-ka-(91)thah,*

- Bila engkau tidak menaati (mela-kukan)  
wejangan gurumu,
18. sungguh akan dibedakan.  
Bedanya (ialah) dekat dan jauh.  
Hal itu harus kaubicarakan (hing-ga tuntas)  
perihal wejangan gurumu.  
Bila engkau telah dekat  
dengan Tuhan Yang Mahaagung,  
tentu (engkau) selalu didatangi (-Nya).  
Berbeda dengan yang masih jauh.  
Berfirmanlah Tuhan Yang Maha-mulia,
19. **Ya man jallala dan lafal  
wa lam yajud yadihi.**  
(Artinya) barang siapa bertambah ilmunya,  
tetapi tidak bertambah lakunya,  
(berkatalah para *munasip*),  
**wa huwa yakribullahu**  
(yakni) tentu tidak didekati;  
**khatab adza** (lafalnya)  
'malahan dijauhi oleh Tuhan Yang Maha Pencipta'.
20. Ada lagi wangsalan,  
*sura driya jarwa lalis* 'keberanian hati arti ajal'  
*kendhal toyta wali brata* 'kerak air bratawali'  
*sayektine wani mati* 'sesungguhnya berani mati'  
*nora ketang wak mami* 'meskipun diriku'  
*kinarya lesan satuhu* 'sebagai sa-saran saja'.
- yèn sira nora nglakoni,  
iya marang pamejange' gurunira.*
18. *Sayekti lamun binéda,  
kacek karip lawan bangit,  
iku sira terangena,  
pamejange' gurunéki,  
yèn sira uwis karip,  
marang Pangéran Kang Agung,  
yekti kerep sinaba,  
béda lan kang isih bangit,  
angandika Pangéran Kang Maha-mulya.*
19. *Jaman jalal lan kang lapal,  
wa lam yajud yahidi,  
sing sapa wuwuh ngelmunya,  
tan wuwuh ing tapanèki,  
angling para munasip,  
wa huwa yakribullahu,  
yekti tan pinarekan,  
khatab adza ingkang lapis,  
malah-malah adoh lan Pangran kang murba.*
20. *Ana manèh wewangsalan,  
sura driya jarwa lalis,  
kendhal toyta wali brata,  
sayektiné wani mati,  
nora ketang wak mami,  
kinarya lesan satuhu,  
(92) tegesé wong pruhita,  
dèntumemen anglakoni ing paréntah."*

Makna orang mengabdi (ialah)  
berguru dengan sungguh-sungguh,  
taat melaksanakan tugas.”

21. Raden (Jayadimulya) setelah menerima penjelasan itu  
hatinya terang tidak ragu;  
terangnya hati menerawang,  
kegembiraan tampak nyata,  
bersih terkendali oleh batin,  
pandangan menatap, merasuk,  
saat sang guru berkata,  
mewejangkan ilmu sejati,  
ia mendengarkan wejangan itu dengan tekun.
21. *Radèn dupi sampun myarsa,  
tyas nrawang tan kewan kapti,  
pranawéng tyas cipta maya,  
pratitambeg muryéng jati,  
sah kawilet ing kapti,  
tingal tumindak-tumanduk,  
duk kang rama ngandika,  
medharken kang sastra adi,  
anilingken kang swara lir sekar kluwak.*

### XIX. Pocung

1. ”Ada lagi wangsalan yang terucapkan,  
berasal dari Surakarta,  
baik bila diterapkan dalam gending,  
terutama bagi gamelan pelog gending cluntang.
1. ”Wonten malih wangsalan ingkang kawuwus,  
sangking Surakarta,  
méndah tinrapna neng gendhing,  
utamane gangsa pélog gendhing clunthang.
2. Tandaknya yang lincah suaranya merdu,  
cobalah dengarkan  
sekarang akan kumulai.  
*Petis toya sarine kaca benggala*  
'petis air sari kaca besar',
2. *Tlèdhèkipun kang prigel swarane' arum,  
lah coba rungokna,  
saiki ingsun wiiti,  
petis toya sarine' kaca benggala.*
3. aja ngucap yen durung padha kraséku 'jangan bicara sebelum tanggap'  
dan bilamana ditanyakan,  
atau bertukar pikiran,  
jangan kauterangkan bilamana belum tahu tentang ibarat.
3. *Aja ngucap yèn durung padha kraséku,  
miwah yèn sinual,  
utawa kasil-kinasil,  
aja jarwa yèn durung wruh ing ibarat.*

4. Bila temanmu telah tahu tentang ilmu sejati,  
tentu ia dapat tanggap.

Bila ia belum tanggap, diamlah,  
Nak.

*Patrem sawung wisma luhur jroning pura* 'patram jago rumah besar  
dalam gerbang',

5. *aji pira wong ginunggung ing sakayun* 'berapa harga diri seseorang yang disanjung'.

Adakah peningkatannya?

Orang yang disanjung tidak baik, sebab penyanjungnya belum tentu berkehendak baik.

6. Ada sanjungan dengan pamrih isi perut,

dan ada sanjungan yang memang sewajarnya.

*Uler kambang asta ingkang kinunjara* 'ulat apung tangan yang dikat'

7. *Boya betah wong binlenggu asmaraku* 'tidak tahan dibelenggu asmara'.

Bila seseorang mengabdi, disayangi oleh tuannya, (ia) tidak tahan, ingin saja melepaskan tugas yang dipikul.

8. Bagi yang tahan menjadi orang yang terhormat.

Akan tetapi, orang itu jarang yang jujur (alam) pikirannya.

*Janma wuta carita kang boyacetha* 'orang buta omongan yang tidak jelas',

4. *Yen kancane' wus wruh mring sasmi-(93)ta luhung, pesthi yen karasa, yen durung menenga Kaki, patrem sawung wisma luhur jroning pura.*

5. *Aji pira wong ginunggung ing sakayun,*

*iku mundhak apa, wong ginunggung nora becik, jer sing nggunggung nora mesthi amrih arja.*

6. *Wenèh nggunggung mung murih wareging wadhuk,*

*wenèh panggunggungnya, muhung sabenerireki, uler kambang asta ingkang kinunjara.*

7. *Boya betah wong binlenggu asmaraku,*

*yèn wong angwula, lamun kinasihan gusti, boyaa betah kudu nibakaken kunca.*

8. *Ingkang betah dadi janma kang pinunjul,*

*nanging ta sujanma, arang jujur ingkang pikir, janma wuta carita kang boyacetha.*

9. *yekti ana wong asih kabaran iku*  
*'tentu ada orang senang kabar-kabar'.*  
 Makna bendara 'tuan',  
 yang mudah mempercayai omongan abdinya  
 tentu rusak bila tidak mengetahui  
 yang sebenarnya.
10. Buktikan omongan orang yang melaporkan itu,  
 jernihkan permasalahannya.  
 Ada wangsalan lagi,  
*kendhal balung rereged ingkang kinumbah* 'kerak tulang kotoran yang dibersihkan,
11. *wus ungsume reresik sariranira* 'sudah waktunya membersihkan badannya'.  
*Ungsum* artinya masa.  
 Bila usia mencapai tiga puluh tahun.  
*Jenu tawa ron lesah kang mungeng kisma* 'tuba tawar daun berterusan di tanah',
12. *Ywa katungkul ing ngarsa akeh pakewuh* 'jangan lengah di depan banyak rintangan'.  
 Banyak rintangan itu  
 tidak seperti (yang dihadapi) orang yang akan mati,  
 jarang sekali diketahui jalan yang terang.
13. Masalah di dunia tentu dapat dipecahkan,  
 (tetapi) masalah di akhirat  
 tak dapat dibicarakan kemudian.  
*Kendhal tawon pitakonane sujan-*
9. *Yekti ana wong asih kabaran iku,*  
*tegesé bendara,*  
*yèn anggugu wadul abdi,*  
*yekti rusak yèn tan wruh sanyatanira.*
10. *Nyatakena atur-(94)ing dasih kang wadul,*  
*iku terangena,*  
*lah ana wangsalan malih,*  
*kendhal balung rereged ingkang kinumbah.*
11. *Wus ungsume reresik sariranipun,*  
*ungsum iku mangsa,*  
*yèn umur tri dasa warsi,*  
*jenu tawa ron lesah kang mungeng kisma.*
12. *Ywa katungkul ing ngarsa akeh pakewuh,*  
*kèhing éwuh ika,*  
*tan kaya wong arsa lalis,*  
*arang weruh dedalane' kang prama.*
13. *Éwuh donya sayekti kena rinembug,*  
*éwuhing akérat,*  
*tan kena rinembug kari,*

- ma 'kerak lebah tempat orang bertanya',
14. *alam mengko wong anom-anom nggeguru* 'masa kini banyak pemuda belajar'.  
Meskipun belajar bertanyalah hakikat ajal itu.  
*Jenang gula toya mijil ing sarira* 'jenang gula air keluar dari badan',
15. *dipunenget ywa lali wiwitanipun* 'ingatlah, jangan lupa asal mulanya'.  
Bila engkau belajar bertanyalah asal mula hayat, hakikat hidup, dan kesempurnaan ajal.
16. Tentang hakikat hidup itu, Nak, tanyakanlah!  
Ada wangsalan lagi,  
*janma lena gendul gepeng panesepan* 'orang lengah botol gepeng pengisapan',
17. *ironing nendra kang kaepi mung gustimu* 'dalam tidur yang teringat hanya Tuhan'.  
Maknanya, apa yang disebut insan kamil (ialah zat) mahapencipta, mahakuasa, dan mahabijaksana.
18. Bila sudah lelah, kantuknya yang diomongkan.  
Perhatikan tingkahnya.  
Tingkah itu lambang ajal sehingga (engkau) tahu bagaimana orang menjelang mati,
- kendhal tawon pitakonaring<sup>13</sup>) sujanma.*
14. *Alam mengko wong anom-anom nggeguru, nadyan nggegurua, takona enggone'pati, jenang gula toya mijil ing sarira.*
15. *Dipunènget ywa lali wiwitanipun, yen nggeguru sira, takona (95) purwaning urip, lan madyane'miawah sampurnaning pejah.*
16. *Sejatine' witing urip iku Kulup, iku takokena, ana wewangsalan malih, janma léna gendul gèpèng pane-sepan.*
17. *Ironing néndra kang kaepi mung gustiku, tegese'punika, kang jejuluk insan kamil, amiwiti amekasi amisésa.*
18. *Yèn wis luyup ngantuke' ingkang cinatur, keclapé dènyitna, yèku sinauning pati, dadi wèruh parané' wong arsa pejah.*

19. ke mana roh itu pergi.  
*Bila engkau belum tahu,  
tanyakanlah lagi.*  
*Pentil klapa tumbu dhuru kang  
adawa* 'putik kelapa tumbuh tang-  
gung bentuk panjang',
20. *Celuk-celuk supaya rinampék ratu*  
memanggil-manggil agar  
didekati raja'.  
(Panggilan) itu adalah dzikirmu  
setiap malam yang kauucapkan  
memanggil-manggil agar dikasihi  
Allah.
21. Bila tidak tahu siapa yang disem-  
bah  
dan siapa yang menyembah,  
(maka) tak akan dikasihi gustinya.  
*Patra wisa arane putra narendra*  
'daun berbisa sebutan putra raja',
22. *adhuh mati oneng mring Pangran*  
*kang Agung* 'aduh mati rindu  
kepada Tuhan Yang Mahakuasa'.  
Maksudnya ialah bahwa  
orang tak pernah mengenal Tu-  
han,  
bila berkehendak dekat dengan  
Tuhan.
23. Orang yang bersamadi itu melepas  
cipta dan rasanya,  
hanya alam gaib yang terkenang.  
Ada wangsalan lagi,  
*balung janur wanita kang dereng*  
*krama* 'tulang janur wanita yang  
belum kawin',
24. *laraningsun sinten ngusadani tuhu*  
'sakitku siapa yang  
menyembuhkannya',
19. *Marang endi nyawa iku parani-*  
*pun,*  
*yèn durung wruh sira,*  
*iku tetakona malih,*  
*pentil klapa tumbu dhuru kang*  
*adawa.*
20. *Celuk-celuk supaya rinampék*  
*ratu,*  
*yèku dhikirira,*  
*saben bengi jelah-jelih,*  
*celak-celuk supaya rinampék*  
*Allah.*
21. (96) *Yèn ora wruh marang kang*  
*sinembah iku,*  
*tuwin kang anembah,*  
*boya rinampék ing gusti,*  
*patra wisa arané putra naréndra.*
22. *Adhuh mati onèng mring Pangran*  
*Kang Agung,*  
*tegesé' punika,*  
*wong tan pana ing gusti,*  
*lamun onèng patrapé' angrogoh*  
*suksma.*
23. *Wong manekung sirna cipta rasa-*  
*nipun,*  
*mung tumanem ngalam,*  
*ana wewangsalan malih,*  
*balung janur wanita kang dè-*  
*rèng krama.*
24. *Laraningsun sinten ngusadani*  
*tuhu,*  
*yèn sira katekan,*

- Bila engkau kedatangan  
kemelaratan dunia, Nak,  
Tuhanmu lah yang memberikan  
kemurahan (sebagai obatnya).
25. Tanpa tempat Tuhan Yang Maha agung.  
Sebenarnya zat itu  
yang disebut insan kamil,  
yang tercantum dalam *Kitab Juha-hir*, berbunyi,
26. wakhekhatu makrifati antal kuru  
dan ya amataka,  
atau makrifat itu  
gugurkanlah dari penglihatanmu.
27. Arti gugur ialah tak ada yang tampak,  
kecuali Tuhan semata.  
Ada wangsalan lagi,  
*kucing wana wedaling hajat naren-dra* 'kucing hutan keluarnya  
hajat raja'.
28. *durung tuwuk nggen kula ndulu sang ulun* 'belum puas aku melihat sri baginda'.  
Orang yang sudah menguasai  
makna ilmu sejati,  
segala perilaku tanpa melupakan  
Yang Mahakuasa;
29. bila melihat keadaan jagat raya  
dan (bila) mendengarkannya.  
Ada wangsalan lagi,  
*kendhal toya tapas aren kang ri-nipta* 'kerak air ijuk enau  
yang dirangkai',
30. *kaduk ati nora tolih sarireku* 'ter-dorong hati tak mempedulikan  
dirinya'.
- kamaratan donya Kaki,  
Pangranira iku kang paring usada.*
25. *Tanpa dunung Pangéran kang ma-haluhur,  
jatiné punika,  
kang jejuluk insan kamil,  
pan wus kocap juwahir muni  
lapalnya.*
26. *Wakhékhatu makripati antal kuru,  
myang ya amataka,  
utawi makripat iki,  
gugurena marang ing paringalira.*
27. *Tembung gugur tan ana ingkang  
kadulu,  
mung Gusti ke-(97)wala.  
ana wewangsalan malih,  
kucing wana wedaling hajat naren-dra.*
28. *Durung tuwuk nggèn kula ndulu  
Sang Ulun,  
wong kang sampun wikan,  
surasané ngélmu jati,  
barang polah nora lali lan kang  
murba.*
29. *Yén andulu mring alame' jagad  
agung,  
tuwin angrungua,  
ana wewangsalan malih,  
kendhal toya tapas aren kang  
rinipta.*
30. *Kaduk ati nora tolih sarireku,  
wonten wong kang ngangkat,*

Ada orang yang (keburu nafsu)  
ingin menyebarluaskan  
wejangan gurunya,  
keburu nafsu tanpa menoleh ke-  
adaan rumah tangganya.

31. Bila sudah tercapai, hasrat ingin bertemu dengan Yang Mahakuasa; tentu tenanglah hatinya.  
*Puspa lulut bonang alit dhedhe-pokan* 'bunga telasih bonang kecil berdepokan',
32. *anaruthuk wong asih nora katemu* 'ke mana-mana orang cinta tak berjumpa'. (Wangsalan) itu melambangkan orang bersembahyang; Bila tak tahu maknanya, berarti tanpa guna sembahyangnya.
33. Oleh karena itu, perlu diketahui asal doa sembahyang itu; perlu diketahui pula penerimanya. *Mega pita taji lepas sing gandhewa* 'awan putih taji lepas dari busur',
34. *saya nglayung rasane manah tan weruh* 'makin merana rasa hati karena tak tahu'. Bila tak mau bertanya kepada orang yang tahu, tentu sia-sia sembahyangnya, kosong belaka;
35. bagai orang menyumpit burung; bila tak tahu wujudnya, mustahil dapat terkena.

*pamejange' gurunéki,  
kaduk ati nora tolih bale' wisma.*

31. *Yèn wis tutug karepé' arsa katemu,* *lawan kang amurba,*  
*sayekti asrep kang galih,*  
*puspa lutut bonang alit dhedhe-pokan.*
32. *Anaruthuk wong asih nora katemu,*  
*iku wong sembahyang,*  
*yèn tan wruh puji-pinuji,*  
*gegarapan tanpa asil sembahira.*
33. *Milani-(98)pun dènweruh ing sangkanipun,*  
*puji sembahira,*  
*weruha ingkang nampeni,*  
*mega pita taji lepas sing gandhewa.*
34. *Saya nglayung rasane' manah tan weruh,*  
*yèn tan gelem tanya,*  
*marang kang bisa curaki,*  
*pasthi nglayung panembahé' ta-wang tuwang.*
35. *Upamane' wong anulup peksi iku,*  
*yèn tan wruh rupanya,*  
*mangsa kenaa binedhil,*

*Puspa lulut kekonang abyor ing tawang 'bunga selasih kunang bertebar di langit',*

36. *asih ingsun kalintang amung si-reku* 'cinta sejatiku hanya kepadamu'.  
Sama halnya orang menyembah dan memuji selama hidup, cintanya tidak bertentangan.
37. Bila tak tahu, tidak bertemu selama hidup, meskipun (rajin) bersembahyang, siang malam bersuci dengan air. *Kimpul agung peksi kang kuncung sirahnya* 'talas besar burung berkuncung kepalanya',
38. *yekti angles nora perak lan gustiku* 'sungguh sedih tak dekat dengan gustinya'. (Wangsalan) itu melambangkan orang yang bermakrifat, yang telah diterima dikirnya; tentu sedih bila tak dekat dengan temannya.
39. Teman itu adalah hakikat hidupmu, yang disembah oleh sukma. Ada wangsalan lagi, *ruji kendhang jangkrik gung kang saba wisma* 'ruji gendang cengkerik besar berkeliaran di rumah',
40. *duwe esir kepala ngajrih ing ratu* 'punya niat terhalang takut sang raja'. Kebanyakan orang

*puspa lulut kekonang abyor ing tawang.*

36. *Asih ingsun kalintang amung sire-ku, panunggalanira, wong anembah wong amuji, saumuré asihé nora sulaya.*
37. *Yèn tan wruha nora katemu sau-mur, nadyan sembahyanga, siyang dalu ulah wangrih, kimpul agung peksi kang kuncung sirahnya.*
38. *Yekti angles nora perak lan gustiku, iku wong makripat, kang wus kalilan amirit, yekti susah yèn tan perak rowang-ira.*
39. *Rowang iku uripira kang sa-(99) tuhu, kang sinembah suksma, ana wewangsalan malih, ruji kendhang jangkrik gung kang saba wisma.*
40. *Duwe' esir kepala ngajrih ing ratu, sakèhé sujanma, sayekti murka kang ati, yèn ta aja ana kang suksma saka-wan.*

tentu serakah hatinya,  
bila tak ada empat sukma.

41. Tiga nafsu (itu) sesungguhnya menyusatkan,  
maka takutnya bukan kepalang  
kepada tetua pimpinan-pribadi,  
yang tak takut berubah sifat yang  
mengenakkan.”

41. *Nepsu tiga sayektine' saya banjur,  
mila jrih kalintang,  
marang lurahe' pribadi,  
kang tan ajrih owah dadi dhan-  
dhanggula.”*

## *XX. Dhandhanggula*

1. Para murid puas hatinya;  
hatinya tenang, pikiran bertambah  
jernih,  
(setelah mendapat) wejangan makna wangsalan dengan jelas,  
(tentang) hakikat kemukasaan.  
Seluruh maknanya telah dikuasai,  
keraguan telah musnah,  
telah tersimpan dalam kalbu,  
kuasa menguraikan makna hidup,  
indahnya hati menyebar semerbak  
mewangi,  
bagai harumnya bunga.
2. Telah dihayati wejangan gurunya,  
apa yang dilihatnya telah dirasuk-  
nya,  
maka tak ragu menghadapi kemuk-  
saan.  
Selesailah yang dibicarakan dan  
yang sedang mewejang muridnya;  
berganti yang dibicarakan.  
Murid Sang Begawan,  
bertahta di Garbawacitra,  
amat pandai, sastra Jawa telah  
dikuasainya,  
sastra Arabnya pun tak mengece-  
wakan.

1. *Para putra lega ing penggalih,  
nala lilih nalar wimbuh lejar,  
lajer wangsalan wijange',  
jejer kamuksan iku,  
wewengkone' sampun kalingling,  
reruwete'wus rantas,  
kamot ironing kalbu,  
wignya ambabar sarira,  
srining nala ngambar sumrik arum  
ninging,  
lir udayèng pus�ita.*
2. *Wus katampen kang rama sabda  
ning,  
ningting tingal karasuk sadaya,  
tan wangwang ring ka-(100)muk-  
ne',  
nengna ingkang winuwus,  
ingkang lagya sajarwèng siwi,  
genti kang winursita,  
putranya sang wiku,  
prajane' Garbawacitra,  
langkung wasis sastra Jawa wus  
mupugi,  
Arabe' tan kuciwa.*

3. Yang menggiurkan hatinya ialah *Kitab Mosit* dan *Subatul Iman*,  
*Mantek* dan *Juwahir*,  
serta *Tafsir Bahrul Laut*,  
*Munasabihat* dan *Kitab Bahwi*,  
serta *Ahyatul Muharam*.  
Kitab-kitab itulah yang dicarinya,  
tergiur akan isinya.  
Putra Garbawacitra amat tertarik  
hatinya  
terhadap semua kitab itu.
4. Segala ilmu dan pengetahuan telah dikuasainya,  
mengenal segala kebudayaan.  
Pemuda itu namanya  
Adikusuma.  
Ia taat terhadap hukum agama,  
kuat pendiriannya dan suka menolong;  
elok parasnya,  
(berkulit) kuning langsat,  
tabiatnya menawan hati bagi yang melihatnya,  
pantas bila gandrung pada Hyang Sukma.
5. Pada waktu itu (ia) sedih hatinya (saat) mempelajari isi kitab yang memuat tulisan tiga puluh jus.  
Adikusuma amat gelisah,  
sudah semalam tak dapat tidur.  
Hatinya ingin mengetahui  
Apa makna  
dan fungsi tulisan tiga puluh jus itu.  
Bila (ia) tidak menghadap gurunya takkan dapat menjabarkannya.
3. *Ingkang dadya sengseming panggalih,*  
*Kitab Mosit lan Subatul Iman*,  
*Mantek lawan Juwahire*,  
*Lan Tapsir Bahrul Laut*,  
*Munabihat lan Kitab Bahwi*,  
*tuwin Ahyatul Mahram*,  
*yèku kang kinayun*,  
*kayungyun ahyan sabitah*,  
*Radèn Putra Langkung sengsem ing panggalih*,  
*mring sakathahé kitab*.
4. *Kèhing guna kawidigdan titih*,  
*kontap marang sakeh kabudayan*,  
*sira Radèn jejuluke*,  
*Adikusumaluhung*,  
*anetepi tataning pekih*,  
*pengkuh tyas ambeg darma*,  
*bagus ing pamulu*,  
*kuning semu ijo manda*,  
*kedhep liyep manis panduke* (101)  
*kang angling*,  
*pantes brangta ing suksma*.
5. *Duk samana kapita ing galih*,  
*amilihi surasaning kitab*,  
*nggoning sastra tridasane*,  
*Radèn kewran kalangkung*,  
*wus sadalu tan antuk guling*,  
*osiking tyas mangkana*,  
*paran tegesipun*,  
*lungguhé tridaswa sastra*,  
*lamun ora séba mring rama Sang Resi*,  
*tan kena pinardika*.

6. "Mengapa tidak dijelaskan dalam *Kitab Tajuit*  
sehingga aku tak dapat menjabar-  
kannya?"  
Sehubungan dengan itu, perlilah  
Adikusuma  
menghadap gurunya.  
Syahdan, berganti yang dicerita-  
kan.  
Raden Pulanggupita,  
putra di Purwacatur,  
ketika sedang duduk-duduk,  
tiba-tiba kedatangan adik-adiknya.  
Mereka segera disambutnya.
7. Setelah semuanya duduk,  
berkatalah Raden Pulanggupita,  
"Dinda, tumben  
datang saat malam-malam;  
apakah ada hal yang penting?"  
Adik-adiknya menjawab,  
"Kanda, sebenarnya  
ketika kita menghadap  
Sang Begawan, ada sedikit keku-  
rangan,  
yakni tentang makna wayang.
8. yang belum dijelaskan (beliau, te-  
tapi kita) keburu pulang."  
Berkatalah Raden Pulanngupita,  
"Dinda dari Nusantara,  
bila keinginanmu demikian,  
seyogianya menghadaplah Dinda  
lebih dahulu kepada Sang Begawa-  
wan;  
nanti aku menyusulmu."  
Menjawablah Raden Surengrana,  
"Baik, (Kanda), dinda akan meng-  
hadap sekarang
6. *Déne' nora muni Kitab Tajit,*  
*éwu h temen nggon ingsun mardika,*  
*dadya tumedak Rahadèn,*  
*sowan mring ramanipun,*  
*kuneng gantya malih winarni,*  
*Radèn Pulanggupita,*  
*putra Purwacatur,*  
*samana lagi pinarak,*  
*gya kasaru praptané kang para ari,*  
*anulya ingacaran.*
7. *Wusnya tata dènira alinggih,*  
*nabda manis Dyan Pulanggupita,*  
  
*"Adhimas dé kadingareñ,*  
*pinarak dalu-dalu,*  
*baya ana karya kang gati,"*  
*pra ari aturi-(102) ra,*  
*"Kakangmas saëstu,*  
*nalika pra samya sowan,*  
*dhateng rama déné ta kirang sake-  
dhik,*  
*bab tegesipun wayang.*
8. *Dérèng jinarwan kaselak mulih,"*  
*Angandika Dyan Pulanggupita,*  
*"Yayi ing Nungsatarane'*  
*paran karsanirèku,*  
*prayogane sébaa Yayi,*  
*rumiyin mring Jeng Rama,*  
*mangké ngong sumusul,"*  
*Matur Radén Surengrana,*  
*"nggih prayogi séba mring rama*  
*samangkin,*  
*mumpung rama wus lejar."*

- senyampang hati Sang Begawan  
sudah mereda.”
9. Telah ada kesepakatan pembicaraan dengan adik-adiknya.  
Mereka berempat segera pergi,  
tidak diceritakan perjalannya,  
mereka telah sampai  
di pertapaan Andakapuri,  
langsung menghadap gurunya.  
Sang Begawan ketika itu  
tengah berkenan duduk  
di balai padepokan yang indah,  
dihadapan para muridnya.
  10. Kedua muridnya duduk di depan.  
Setelah tenang duduknya,  
Seh Ngabdul Salam berkata dengan lembut,  
”Selamat datang putra-putraku,  
tiba di hadapanku.”  
Murid-muridnya bersujud (seraya menjawab),  
”Terima kasih, Sang Begawan,  
doa keselamatan Paduka  
yang berjatuhan pada diri hamba,  
semoga meneguhkan jiwa hamba.”
  11. Sang Begawan menyambutnya dengan ucapan yang menawan,  
”Tumben, kalian berempat  
datang (bersama) di hadapanku;  
adakah hal yang penting?”  
Mereka menjawab dengan sopan,  
”Benar (Sang Begawan); sesungguhnya  
ada hal yang amat penting  
kedatangan hamba,  
(yakni) memohon petunjuk Sang Begawan.  
(Hamba) mohon diwejang
  9. *Wus mupakat ature' pra ari,  
putra catur sami lumaksana,  
datan winarna lampahe,  
wau ta sampun rawuh,  
ing pratapan Andakapuri,  
laju sumiwèng ngarsa,  
Sri Bagawan wau,  
duk kapareng lalenggahan,  
munggèng bale' pacrabakan sama  
adi,  
ingadhep para siswa.*
  10. *Putra kalih ingkang munggeng  
ngarsi,  
wusnya tata suméwa Rahadyan,  
Dulsalam arum de-(103) lingé,  
”Bageá putraningsun,  
prapta ana ing ngarsa mami,”  
Para putra tur sembah,  
”Kapundhi pukulun,  
sih panakrama paduka,  
kang rumentah dhumateng jasat  
pun patik,  
mugi dadosa jimati.”*
  11. *Sang Bagawan manabda rum manis,  
”Kadingarèn Radèn kapat pisan,  
prapta nèng ngarsengsun kéné,  
baya na gatinipun,”  
para putra matur ngabekti,  
”Inggih saèstunira,  
wonten gatosipun,  
marma sowan ing paduka,  
nyuwun barkah angandika sang  
Ayogi,  
mugi winecanana.*

12. perihal hakikat wayang;  
bagaimana makna  
yang terkandung di dalamnya,  
ingin sekali hamba  
mengetahui maknanya yang sejati.”  
Sang Begawan menjawab,  
”Baiklah, putra-putraku;  
bila kalian ingin mengetahuinya  
kujelaskan satu per satu,  
yakni makna yang menyertainya.
12. *Bab prakawis wontenipun ringgit,  
kados pundi wawijanganira,  
ingkang tumèmpèl raose,  
sanget kapengin ulun,  
yun uninga ingkang sajati.”  
Sri Bagawan ngandika,  
”Babo sutaningsun,  
yen sira arsa uninga,  
sunjarwani anané sawiji-wiji,  
yaiku kanthinira.*

### *XXI. Kinanthi*

1. Wayang itu banyak macamnya,  
kelompoknya hanya dua,  
Ki Dalang dan wayang.  
Dalangnya Ahmad Maliki,  
wayangnya beraneka macam.  
Kelir ibarat jasatmu.
1. *Wayang kathah warnanipun,  
kumpule' amung kekalih,  
Ki Dhalang kalawan wayang,  
dhalange' Ahmat Maliki<sup>15</sup>)  
wayang iku warna-warna,  
kelire'jasatirèki.*
2. Adapun belencongnya  
ibarat cahaya insan kamil;  
sedangkan kotaknya  
yang isinya bermacam ragam  
ibarat jasatmu (pula),  
(terdiri atas) darah, bulu, kulit,  
daging,
2. *Dé kang mangka bléncongipun,  
cahya ingsan kamil yekti,  
kothake' ingkang tetela,  
isine'jro warna-warni,  
sejatiné'jasatira,  
getih wulu kulit daging.*
3. otot, tulang, dan sungsum.”  
Muridnya menyela,  
”Bagaimanakah makna satu per  
satu  
(tokoh) wayang yang bermacam-  
macam itu?”  
Sang Begawan pelan jawabnya,  
”(Makna) berbagai wayang kuje-  
laskan.
3. *Otot balung lañan sungsum.”  
Kang putra umatur malih,  
”Wijange' satunggal-tunggal,  
ringgit ingkang warni-warni.”  
Kang Rama alon ngandika,  
”Kèhing wayang sunwiwiti.*
4. Pandawa kuterangkan lebih da-  
hulu;
4. *Pandhawa wiwitnipun,  
lelima kathahirèki,*

lima banyaknya,  
sulungnya bernama Darmaputra,  
berada dalam jasatmu.  
Darma ialah segala perbuatan,  
melaksanakan keyakinan.

5. Sang Prabu Darmaputra  
mempunyai adik tinggi besar,  
namanya Raden Arya Bima.  
Ia memiliki tiga nama:  
Yang pertama, Arya Bima,  
Werkudara yang kedua,
6. Bratasena yang ketiga.  
Maknanya satu per satu,  
Mengapa bernama Arya Bima.  
*Ba* ( 巴 )-nya berarti *rububiah*  
'ke-Tuhanan'. Nak,  
*mim* ( 梅 )-nya berarti Muhammad,  
berada dalam *rububiah*.
7. Raden Bima memiliki pakaian  
(berwarna) kotak-kotak merah,  
biru yang indah.  
Arti warna kotak-kotak biru  
ialah agar kalian selalu waspada  
terhadap *rububiah*.  
yang berwujud cahaya beraneka  
warna.
8. Didalam *rububiah*  
terdapat Nabi Muhammad.  
Adapun bernama Werkudara,  
*Wer* maksudnya *awor* 'berkumpul',  
*dara* berada dalam bintang,  
yakni hakikat insan kamil.
9. Bersatunya Khalik dan makhluq,  
bila telah lahir insan kamil.  
*Kitab Usul* menyatakan,  
*Idza min ngalimu kam bi;*

*pambarep ran Darmaputra,*  
*dumunung jasatireki,*  
*darma baé barang polah,*  
*nglakoni pakoning batin.*

5. *Darmaputra Sang Apra-(105)bu,*  
*darbe'ari geng ainggil,*  
*arané Dyan Arya Bima,*  
*Rahadèn jejuluk katri,*  
*ingkang dhingin Arya Bima,*  
*Warkudara kaping kalih,*
6. *Brataséna kaping telu,*  
*tegesé sawiji-wiji,*  
*marma aran Arya Bima,*  
*béné rububiyah Kaki,*  
*mimé<sup>16</sup>) iku ran Mukhamad,*  
*ironing rububiyah singgih.*
7. *Rahadèn busananipun,*  
*polèng bang bintulu adi,*  
*tegesé polèng bintulu,*  
*sira denawas ing galih,*  
*ingkang aran rububiyah,*  
*iku cahya warni-warni.*
8. *Ironing rububiyah iku,*  
*isi Mukhamad Maliki<sup>17</sup>),*  
*marma aran Werkudara,*  
*war awor yektinireki,*  
*dara dumunung ing lintang,*  
*sejatiné insan kamil.*
9. *Pamore'Gusti lan ulun,*  
*yén wus miyos insan kamil,*  
*Kitab Usul wus micara,*  
*idza min ngalimu kambi,*

- ketika kalian melihat  
semacam bintang berbahaya;
10. selanjutnya, wa tashadu,  
bersaksilah kalian, Nak.  
Sedangkan sebutan Bratasena,  
*brata (brangta)* berarti dikagumi  
oleh orang yang rajin beribadah  
menurut ajaran Nabi Muhammad.
11. Raden Bima juga bernama  
Tandayuda (sebutannya).  
Siapapun yang sakit,  
bila melihat bintang Bimasakti,  
kalian perlu memperhatikan  
bahwa pertanda ajal akan datang.
12. Werkudara yang perkasa itu  
mempunyai adik laki-laki tampan  
bernama Raden Janaka.  
Raden Janaka banyak namanya,  
Arjuna dan Janaka,  
Jenawi dan Pamadi.
13. Arti Arjuna itu,  
*her* berarti air,  
*ju* lambang kehendak manusia,  
*na* menunjukkan lafal  
*al insanu* (lafalnya)  
*siru fa anasiribi*.
14. Manusia utama itu  
(bila) memiliki segala rasa.  
Seluruh rasa itu  
Janakalah wadahnya.  
*Jan* berarti tempat menitis,  
*naka* panggilan Hyang Mahakuasa;
15. kehendakmu juga kehendakku.  
Jenawi berarti sungai.  
Oleh karena itu, Sang Arjuna  
mengaku satu-satunya lelaki,
- tatkala sira uninga,*  
*kaya kartika dumeling.*
10. (106) *Lawan wau wa tashadu,*  
*mangka sekseenana Kaki,*  
*marma aran Brangtaséna,*  
*brangta iku dènkedani,*  
*maring wong kang ahli nembah,*  
*marang Mukhamad Maliki.*
11. *Radèn malih ajejuluk,*  
*Tandhayuda kang wewangi,*  
*sakathahé wong kang lara,*  
*yén ningali Bimasekti,*  
*iku sira titenana,*  
*tandha yén bakal ngernasi.*
12. *Werkudara sang abagus,*  
*darbe' ari jalu pekik,*  
*peparap Radèn Janaka,*  
*Radèn kathah ingkang nami,*  
*Harjuna lawan Janaka,*  
*Jenawi lawan Pamadi,*
13. *Tegesé Harjuna iku,*  
*hér iku tegesé warih,*  
*ju karepé kang manusia,*  
*na nuduhaken kang lapil,*  
*alinsanu lapalira,*  
*si rupa annasiribi.*
14. *Utama manusia iku,*  
*duwé rasa kabèh iki,*  
*pan rasanira sadaya,*  
*Janaka durungireki,*  
*jan iku nggon panitisan,*  
*naka timbalan (107) Hyang Widi.*
15. *Karepira karep ingsun,*  
*Jenawi maknané kali,*  
*pramilané Sang Harjuna,*  
*angaku lanang pribadi,*

- juga mengaku lelaki sejagat,  
banyak wanita jadi miliknya.
16. Akan tetapi, ada rahasianya,  
(yakni) tak dapat berpisah  
dengan raja Kresna,  
yang bertahta di Dwarawati.  
Arti namā Kresna  
ialah raja hitam;
17. hitam kulit dagingnya,  
tulang, sungsum, dan darah,  
seluruhnya hitam.  
Hal itu harus kau cari, Nak.  
Sesungguhnya yang dimaksud de-  
ngan Kresna,  
(yakni) apa yang disebut *adam*  
*jarnis*.
18. Kresna adalah penjelmaan Wisnu,  
Wisnu masih mengembannya,  
yakni menjelma sebagai Arjuna  
Oleh karena itu, kau harus was-  
pada.  
Adapun Raden Janaka  
mempunyai adik laki-laki,
19. Nakula dan Sadewa,  
saudara kembar sama rupanya.  
Adapun Nakula dan Sadewa itu  
(bagai) berada dalam dua kaca,  
sungguh tidak berbeda,  
sama-sama tampannya.
20. Gatutkaca sebagai pusat  
angin napas sejati.  
Bila kalian ingin mengetahui  
anak yang baru dilahirkan,  
napas kau tahan sekuatnya;  
siang dan malam selalu dibutuh-  
kan.
- myang ngaku lananging jagad,  
kèh wanudya dèndhèwèki.*
16. *Nanging ana wadinipun,*  
*tan kena pisah sayekti,*  
*kalawan naréndra Kresna,*  
*kang kekutha Dwarawati,*  
*tegesé kang aran Kresna,*  
*yaiku ratu cemani.*
17. *Ireng kulit dagingipun,*  
*balung sungsum lawan getih,*  
*pra samya ireng sadaya,*  
*iku ulatana Kaki,*  
*jatiné kang aran Kresna,*  
*ajejuluk adam jarnis.*
18. *Kresna embanane' Wisnu,*  
*Wisnu masih angembani,*  
*yèku embanan Harjuna,*  
*iku sira dènpatitis,*  
*wau Rahadèn Janaka,*  
*darbé'ari jalu kalih.*
19. *Nangkula Sadéwa iku,*  
*kembar warnanira sami,*  
*mungguh Nangkula Sadéwa,*  
*dumunung paésan kalih,*  
*sayekti nora sulaya,*  
*sami warnanira pekik.*
20. *Gathutkaca dunungipun,*  
*angin napas kang sejati,*  
*yèn sira arsa uninga,*  
*marang sanak bareng lair,*  
*na-(108)pas pinegeng santosa,*  
*rina wengi dènkapanngihi.*

21. Raden Gatutkaca memiliki pakaian baju Antakusuma; (khasiatnya) dapat terbang tanpa sayap; terumpah Madukacarma, terhindar dari malapetaka. Sesungguhnya (ia) lambang *mak-dum sarpin*.
21. *Rahaden busananipun,*  
*klambi Antakusumèki,*  
*bisa mabur tanpa elar,*  
*tarumpah Madukacarmi,*  
*luput sarik lawan tulah,*  
*sejatine' makdum sarpin.*

## XXII. Pocung

1. Mengulangi keterangan yang telah lalu, (tentang) kematian (para) Pandawa, banyak yang belum dijelaskan. Raden Purwasuputra Angkawijaya.
2. Arti Angkawijaya itu, *angka* ialah akal, *wijaya* ialah diam lagi pula baik. Panakawan Pandawa empat jumlahnya.
3. Yang tua Badranaya namanya. *Badra* itu bulan, *naya* ialah citra Sang Hiang Rati, berarti (ia) sebagai bayangannya.
4. Oleh karena itu, Ki Semar membingungkan; dikatakan laki-laki rupanya seperti perempuan, berkuncung bagai bocah, wujudnya bagai kakek.
5. Siapa saja yang dapat menjumpai isi bayangannya, yang disebut *makdum sarpin*, tentu (ia) memiliki panakawan Semar.
1. *Amangsuli carita kang wus kapungkur,*  
*sirnaning Pandhawa,*  
*akathah dèrèng ginupit,*  
*Radèn Purwasuputra Angkawijaya.*
2. *Tegesipun Angkawijaya puniku,*  
*angka iku akal,*  
*wijaya meneng tur becik,*  
*panakawan Pandhawa catur kathahnya.*
3. *Ingkang sepuh Badranaya arani-pun,*  
*badra iku wulan,*  
*naya ulat Sang Hyang Rati,*  
*tegesipun iku wewayanganira.*
4. *Marmanipun Ki Semar tangguhé éwuh,*  
*dènarani lanang,*  
*rupane' kaya pawèstri,*  
*kuncung bocah wujude' kaya wong tuwa.*
5. *Sapa wongé amanggihi isènipun,*  
*wewayanganira,*  
*kang (109) jejuruk makdum sarpin,*  
*pesthi sida duwé panakawan Semar.*

6. Keadaan isi bayangan itu tentu berbeda-beda tergantung pemiliknya.  
Bila anak (pemiliknya), tentu wajahnya seperti bocah;
7. bila orang tua (pemiliknya), wajahnya seperti kakek; bila wanita pemiliknya, wajahnya seperti perempuan. Abimanyu pernah disumpahi Semar
8. karena meludahi kuncungnya. Demikian pula engkau, Nak, bila berani meludahi *makdum sarpin*, tentu celaka kelak ketika sekarat.
9. Nalagareng adalah anak Semar yang tertua.  
*Nala* berarti hati,  
*gareng* artinya kering. Maksudnya, bila sudah kering akan mudah keluarnya.
10. Berhamburan adalah lambang keluarnya Kantongbolong. Tentu beraneka ragam, arti Gareng bila dijabarkan. Sedang Bagong berarti mengutamakan laku.
11. Bila telah tinggi perbuatan lakumu tentu kerapkali bertemu dengan panakawannya. Meskipun berperang tentu jarang yang melawan.
12. Petruk itu sebenarnya berjasat pendeta, bagai pohon cendana,
6. *Ananipun isine' wayangan iku, pesthine'yen béda, mawa-mawa kang ndarbéni, lamun rare' rupane'ya kaya bocah.*
7. *Yen wong sepuh pesthine' kaya wong sepuh, kang darbé wanita, rupane'ya kaya éstri, Abimanyu sinupatan déning Semar.*
8. *Angidoni marang ing kakuncungi-pun, nadyan Kaki sira, angidoni makdum sarpin, pesthi bégal bénjang ing sakarta-tira.*
9. *Putra Semar Nalagareng ingkang sepuh, nala ati kita, garéng tegese pan garing, yen wis garing wetune' gampang kewala.*
0. *Jebal-jebul si Kanthongbolong kang metu, yekti warna-warna, Lurah Gareng kang ginupit, tembung Bagong iku ngegungaken lampah.*
11. *Yen wus agung marang lakunira Kulup, pesthi kerep panggya, lawan panakawanéki, nadyan aprang sayekti arang kang nangga.*
12. *Pétruk iku pangawak pandhita tuhu, lir wrek-(110)sa candhana.*

- hatinya tak mudah tersinggung,  
tidak terputus menghibur hati  
orang banyak.
13. Adapun Suyudana berarti sukma  
luhur;  
negeri di Astina  
melambangkan hari akhir kelak  
yang direbut oleh Parta dan Bima.
14. Kurupati, raja Astina, laskarnya  
raja-raja,  
negerinya hitam, kuning,  
bernegeri merah, negeri putih,  
seluruhnya di bawah kekuasaan  
Astina.
15. Ibukota negeri Awangga berwarna  
kuning,  
rajanya bernama Karna,  
lambang lubang telinga.  
Jayadrata bertahta di Sindukalangan.
16. Arti Jayadrata itu  
(ialah) jaya yang berwenang.  
Negeri Sindukalangan (bagai jan-  
tung)  
yang mengedarkan darah ke selu-  
ruh tubuh.
17. Prabu Salya bertahta di Mandar-  
aka.  
Artinya ialah  
penjelmaan Sukma Murba, men-  
jadi pikiran;  
sedangkan Mandaraka ibarat paru-  
paru.
18. Adapun aji Candabirawa itu  
milik Salya.  
Ketika orang memanggilnya,  
*makdum sarpin* bagai didorong  
oleh pemanggilnya;
- tan darbe'ati sak sirik,  
nora pegat mawéh resepeng aka-  
thah.*
13. *Suyudana tegesipun suksma luhur,  
nagri ing Ngastina,  
bale'akir jaman benjing,  
kang rinebut déning Parta lawan  
Bima.*
14. *Gri Ngastina Kurupati bala ratu,  
nagri ireng jenar,  
nagri abang nagri putih,  
sadayéku kabawah nagri Ngastina.*
15. *Nagri Wangga warna kuning ku-  
thanipun,  
ratunéran Karna,  
jatiné lawange' kiping,  
Jayadrata kuthane' Sindukalangan.*
16. *Tegesipun Jayadrata iku mau,  
Jaya kang winenang,  
Sindukalangan kang nagri,  
ngubengaken getih mring badan  
sadaya.*
17. *Prabu Salya ing Mandraka ku-  
thanipun,  
tegesé punika,  
suksma murba dadi pikir,  
ing Mandraka kang mangka pepu-  
suhira.*
18. *Sumarmane' aji Candhabérawèku,  
kagungane' Salya,  
tatkala sira nimbali,  
Makdum sarpin sinorog sangking  
kang ngucap.*

19. tentu keluar berhamburan. Ada lagi yang diceritakan.  
Seorang pendeta yang tinggal di pertapaan Atasangin,  
bernama Sang Resi Pandita Drona.
20. Arti Dang Hiang Drona itu ialah nafsu *mutmainah*, limpa dilambangkan dengan Atasangin,  
yakni napas yang keluar dari hidung.
21. Diceritakan bahwa Suyudana mempertahankan negeri Astina dari tuntutan putra Pandu. Hal itu melambangkan seluruh umat manusia.
22. Penderitaan yang menyedihkan belum melebihi penderitaan orang menjelang ajal. Negeri Astina (adalah) lambang hari akhir, sedangkan negeri Amarta (adalah) lambang *bakdarolah*.
23. Arti Bratayuda ialah lambang sakaratul-maut. Musnahnya keluarga Kurawa merupakan lambang rusaknya jasat dan roh.
24. Tentu kesempurnaanmu kelak, Nak, roh dan sukma, nafsu dan napas, seluruhnya musnah larut dalam *bakdarolah*.
19. *Pasthi mbrubul (111) wonten malih kang winuwus, pandhita sajuga, kang kekutha Ngatasangin, ajejuluk Sang Resi Pandhita Drona.*
20. *Tegecipun Dhanyang Druna iku mau, napsu mutmainah<sup>17</sup> ), maras iku Ngatasangin, iya iku napas kang mijil sing grana.*
21. *Duk ing wau sang nata kalangkung kukuh, nagri ing Ngastina, rinebut mring Pandhu siwi, tegesipun iku sakathahing janma.*
22. *Kèhing susah tan kadya wong arsa lampus, nagri ing Ngastina, bale' akhir jaman yekti, ing Pandhawa kang jejuluk bakdarolah.*
23. *Bratayuda sunjarwani dunungipun, sekarating pejah, Kurawa tumpesan tapis, tegesipun rusake' badan lan nyawa.*
24. *Yekti besuk kasampurnanira Kulup, nyawa lawan suksma, napsu napas sadayèki, sirna larut manjing marang bakdarolah.*

25. Sesudah itu, Suyudana musnah beserta pengikutnya;  
Sang Arjuna masuk ke istana Astina, kemudian ia dinobatkan menjadi raja.

25. Sirna larut Suyudana sawadyèku, nuli Sang Harjuna, lumebu Ngastina puri, praptanira Sang Parta dadya sri-nata.

### XXIII. Dhandhanggula

- Arti Semar akan diuraikan lagi. Semar berasal dari kata samar. Sebenarnya Semar itu ialah dewa yang menyamar, menjaga keluarga Pandawa. Secara lahiriah, Semar sebagai abdi, tetapi secara batiniah, ia adalah sukma. Ia amat akrab dengan Pandawa untuk menjaga keselamatan dan kebahagiaan.
- Dalam ilmu kesempurnaan, ia (merupakan) lambang makdum sarpin. Bila disia-siakan tentu berakibat buruk. Oleh karena itu, ketahuilah hal itu agar kelak tidak mengganggu pikiran. Arti Nalagarèng ialah *nala* itu hati, *gareng* artinya kering. Bila hatimu telah kering tentu dapat bertemu dengan Tuhan.
- Adapun Petruk yang dapat melesatarikan ilmu pengetahuan dan banyak memberikan kesenangan hati,

- (112) Tegesé Semar winarna malihi,  
Semar iku saka tembung samar,  
iya iku sejatine,  
dewa kang nyamar laku,  
ngreksa marang Pandhawa sami,  
laire'pan kawula,  
nanging batinipun,  
sayekti ananing suksma,  
sinupeket ring Pandhawa déra  
mamrih,  
rahayuning kaharjan.
- Tumraping ngèlmu ya makdum-sarpin,  
yèn siniya pesthi nemu béka,  
marma kawruhana kabèh,  
supaya tembénipun,  
aywa nganti ngraridhu pikir,  
Nalagarèng tegesnya,  
*nala* iku kalbu,  
garèng garing tegesira,  
yèn wis garing atinira iku pesthi,  
bisa mor gustinira.
- Déné Petruk kang bisa memetri,  
marang ngèlmu gung wèh suka-ning tyas,  
kabèh mung pinrih senenge.'

semuanya agar merasa senang.  
 Ia adalah lambang budi luhur,  
 tak mudah tersinggung sedikit pun.  
 Ia bagi pohon cendana.  
 Meskipun ditebang atau dibakar,  
 ia takkan membala jahat.  
 Malahan ia memberikan bau ha-  
 rum semerbak  
 yang menenangkan hati.

*yèku mbeg pandhita gung,*  
*tanpa rengat kataman serik,*  
*(113) pindha wreksa candhana,*  
*tinegor tinunu,*  
*tan paja males wisuna,*  
*malah mandar asung ganda amrik*  
*minging,*  
*ngresepken ironing driya.*

<b>URUTAN</b>		
9	0	- 1588